ku sàmmonte ak ñenti ràkka njëkk Tisbaar ak ñenti ràkka ginnaaw tisbaar yàlla araamal ko ca sawara

Jële nañu ci Ummu Habiibata yal na ko Yàlla dollee gërëm soxnas Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: dégg naa Yonnente Yàlla bi muy wax ne: "ku sàmmonte ak ñenti ràkka njëkk Tisbaar ak ñenti ràkka ginnaaw tisbaar yàlla araamal ko ca sawara".

[Wér na] [رواه أبو داود والترمذي والنسائي وابن ماجه وأحمد]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day bégal kiy julli naafila ñenti ràkka njëkk jullig Tisbaar, ak ñenti ràkka ginnaawam, mu sax ca sàmmonte ak moom, ci ne Yàlla araamal na ko ca sawara.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/11251